



REPUBLIQUE D'HAÏTI

**MINISTÈRE DE LA SANTÉ PUBLIQUE  
ET DE LA POPULATION**

No. 082

Port-au-Prince, le 05 avril 2020

**AVI**

**Yon (1) ka lanmò anba kowonaviris ke yo bay lòt non COVID-19 la nan peyi Dayiti**

Ministè Sante Piblik koube l byen ba pou l enfòmè popilasyon an sou yon (1) ka lanmò anba maladi COVID-19 ki rive nan peyi a pou jounen **dimanch 5 avril 2020** an. Moun ki mouri a se **yon gason nan laj 55 lane** ki te deja fè maladi sik ak tansyon sa ki te vin konplike ka li a.

Sitwayen sa a se youn pami 21 ka ki deja konfime nan peyi a jouk jounen jodi a.


Ministè a ap salye memwa konpatriyòt sa a ki pati kite nou an pandan l swete fòs ak kouraj ak fanmi, zanmi epi tout moun lanmò sa a touche.

Ministè sante piblik ap mande tout popilasyon an pou yo fè plis pridans paske maladi nouvo kowonaviris la se yon reyalite, se ansanm n ap rive fè fas ak li lè nou:

- **rete lakay nou;**
- **toujou lave men nou ;**
- **evite mete men nan bouch, nan nen ak nan je nou nan yo pa lave;**
- **toujou bay tout moun 2 pa distans sizoka nou ta dwe deplase pou yon ijans.**

**KOWONAVIRIS PA YON JWET**

An nou youn veye sou lòt, an nou youn pwoteje lòt!

  
Doktè Marie Gréta Roy-Clement  
Minis

